

KONEKSYON


Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

PLONJE ELÈV NAN EDIKASYON KI #BAZE SOU STEAM

Lekol Leta Miami-Dade County gen aspirasyon pou li angaje e prepare tout elèv nou yo nan "Science, Technology, Engineering, Art ak Mathematics (STEAM)" (Syans, Teknoloji, Jeni, Ar ak Matematik) pou asire pwochen envantè, inovatè, atis ak lidè soti nan kominote nou an.



Elèv Lekòl Mwayen Rockway ap vizite Laboratwa Mobil STEM, yo te konstwi pou asire pwofesè ak elèv ekspozè e plonje nan kourikoulòm dènnye kri ki sipòte sa y ap anseye nan salklas STEM yo.



Plizyè santèm elèv Lekol Leta Miami-Dade County pase yon jounen ki ranpli avèk aprantisaj syans, teknoloji, jeni ak matematik nan 'TEN80STEMFest.'



Elèv Lekòl Segondè Design & Architecture ap fè yon koudèy sou kostim 'J.K. Rowling's Fantastic Beast' e sou Ki Kote Yo ka Jwenn yo.

MEZON BLANCH ONORE M-DCPS POU INOVASYON, APRANTISAJ PÈSONALIZE

Yo te rekonèt Lekòl Leta Miami-Dade County jodi a nan Mezon Blanch kòm pi gwo distri lekòl nan inovasyon ak aprantisaj pèsonalize pou tout elèv e an patikilye elèv defavorize yo. Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho te jwenn envitasyon pou ale nan yon diskisyon Depatman Edikasyon Etazini ak Mezon Blanch te òganize

Biwo Inovasyon ak Amelyorasyon USDOE te fè patenarya avèk Konsil Regilasyon Domestik Mezon Blanch la pou envite yon gwoup sipèntandan lekòl yo chwazi, ki soti nan tout peyi a ki ap dirije efò aprantisaj pèsonalize atravè peyi a. M-DCPS te sèl sistèm lekòl ki soti nan Florid pami 35 distri yo te envite nan reyinyon diskisyon ki dire yon jounen nan Mezon Blanch.

Pami kèk aprantisaj pèsonalize M-DCPS yo genyen Konvèjans Dijital – yon inisyativ plizyè ane ki se rezilta distribisyon plis pase 140,000 aparèy dijital pou amelyore eksperyans aprantisaj e konpleman 11,620 tablo blan entèaktif nou te deja enstale nan salklas ak 45 milyon pye kare espas fizik ki te konfigire pou konektivite Wi-Fi; Matematik iPrep – yon pwogram enstriksyonèl pèsonalize e melanje nan 49 lekòl mwayen Distri a ki konbine pwogram òdinatè adaptif avèk enstriksyon fasafas pou ankouraje yon apwòch ki baze sou kesyonman nan etid matematik.

PWOGRE GOB YO AP KONTINYE ATRAVÈ LEKÒL M-DCPS YO



Nan dat 6 novanm 2012, votè nan konte a te apwouve piblikasyon yon Bon Obligasyon Jeneral \$1.2 milya pou renove etablisman lekòl, amelyore teknoloji, ranplase bilding lekòl, ogmante kapasite elèv, e amelyore sekirite nan lekòl. Vizite <http://pubreport.dadeschools.net/ReportServer/Pages/ReportViewer.aspx?/capitaldashboard/mainpage> pou w ka wè tablo enfòmasyon an e rete enfòm sou pwogrè ki ap fèt atravè M-DCPS.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

22 novanm	10:00 dimaten	Reyinyon Òganizasyonèl
23 novanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
14 desanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

DAT POU NOU SONJE

23 novanm -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
24 novanm -	"Thanksgiving" (Jou Remèsiman)
25 novanm -	Jou Konje

#VALUEMATTERMIAMI – ELÈV M-DCPS, EFÒ SIPÒ KOMINOTÈ POU SOULAJE AYITI APRE PASAJ MATTHEW

Nan kontinye tradisyon rich li, ki se sèvi lòt moun nan moman dezaz, elèv M-DCPS, anplwaye ak fanmi yo te met tèt ansanm pou bay lajan ak prèske 3,000 bwat ki plen manje pou timoun, manje an gren seche, atik medikal, batri, flach, valiz lekòl, ak founiti klasik pou ede anpil moun ki te viktim Siklòn Matthew ann Ayiti.



POUKISA OU SANTI W REKONESAN ANE SA A? #MDCPSGIVESTHANKS



"Thanksgiving" (Jou Rèmesiman) an prèske rive e M-DCPS ap re-lanse kanpay medya sosyal #MDCPSGivesThanks li a. Elèv, pwofesè ak administratè atravè Distri a ap aksantye sou rezon ki fè yo rekonesan ane sa a. Pou w wè sa yo poste, vizite [twitter.com](https://twitter.com/mdcps) e chèche 'hashtag' #MDCPSGivesThanks.



M-DCPS AP OFRI ELÈV DIFERAN CHEMEN DIPLÒM POU YO KA FÈ SIKSÈ

M-DCPS vle asire l paran ak elèv okouran diferan opsyon diplòm ki disponib nan Florid e nan distri nou an. Enfòmasyon sa a ap pèmèt elèv planifye direksyon akademik y ap pran byen bonè e sa ap ankouraje yo pran kou ki gen plis rijidite, ki anfèt ap fè yo vin pi konpetitif pandan y ap prepare yo pou kolèj ak karyè. Pou plis enfòmasyon, pale avèk Konseye CAP oubyen konseye lekòl ou a.

CHEMEN POU DIPLÒM

SE POU W '#GRADTASTIC'




Deziyasyon Etidyan an se pou elèv ki pase tout EOC yo e pran klas anplis tankou Aljèb II, Estatistik, Chim, fizik, e yon kou AP, IB, AICE, oubyen DE.

Deziyasyon Merit la se pou elèv ki atenn youn oubyen plis sètifikasyon endistri.

TÈMINOLOJI

AP – Plasman Avanse
IB – Bakaloreya Entènasyonal
AICE – Sètifikasyon Edikasyon Entènasyonal Avanse 'Cambridge'
IS – Etid Entènasyonal
DE – Anwolman Doub
EOC – Egzamen Fen Kou
GPA – Mwayèn Jeneral
FSA – Evalyasyon Estanda Florid



Diplòm Distenksyon Sipèntandan an se pou elèv ki anwole nan omwen 4 kou "Honors" (Onè), AP, IB, AICE, IS, e/oubyen DE, ki fini omwen 75 èdtan sèvis kominotè, e ki resevwa yon GPA 3.5 oubyen plis lè l rive nan fen premye semès Ane Segondè a fini san yon nòt final "C" oubyen pi ba nan relve nòt yo.

Diplòm Estanda a se diplòm yo bay tout elèv ki satisfè demann gradyasyon Eta Florid yo. Demann sa yo gen ladan kenbe yon GPA 2.0, klas espesifik, e pase egzamen yo bay nan eta a.

So Konn Li ak Ekri nan De (2) Lang nan se pou elèv ki gen yon GPA 2.0 oubyen plis ki resevwa omwen yon 3 nan FSA a, ki fini 4 kredi nan yon lang etranje AP, IB, oubyen egzamen AICE.

KI DIPLÒM OU GENYEN?

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall, Vis Chèmann
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro
Doktè Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon

